

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **3.1.1 Méthode Panalungtikan**

Méthode mangrupa cara gawé pikeun mahaman jeung neuleuman objék anu jadi sasaran. Nurutkeun Syamsuddin (2009:14), méthode panalungtikan nya éta cara dina ngaréngsékeun masalah panalungtikan anu dilaksanakeun kalawan *terencana* jeung *cermat*, maksudna pikeun meunangkeun fakta jeung kacindekan supaya bisa maham, ngajelaskeun, ngaramalkeun, jeung ngendalikeun kaayaan.

Dina ieu panalungtikan méthode anu digunakeun nya éta méthode déskriptif analisis. Ieu méthode digunakeun, lantaran naskah anu ditalungtik téh didéskripsikeun, ditransliterasi, dianalisis, dikumpulkeun data atawa informasi anu geus ditangtukeun, tuluy diterangkeun sacara déskriptif.

##### **3.1.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka, anu ngawengku:

- 1) déskripsi naskah;
- 2) transliterasi naskah tina aksara Pégon kana aksara Latén; jeung
- 3) analisis struktur *Wawacan Samaun* anu ngawengku fakta carita (palaku, galur, latar) jeung pupuhna.

### 3.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sistim tabulasi atawa sistim tabél anu tujuanna pikeun nganalisis pupuh anu aya dina naskah *Wawacan Samaun*.

Alesan pangna digunakeun sistim tabél nya éta sangkan gampang dina nganalisis data, sarta gampang nyieun kacindekan. Ieu di handap tabél-tabél nu bakal dipaké dina maluruh pupuh:

**Tabél 3.1**  
**Distribusi Pupuh nu Digunakeun**

No	Pupuh	Jumlah Pada	%	Jumlah Padalisan

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase tina distribusi pupuh nu digunakeun dina *Wawacan Samaun* anu katitén dina tabél di luhur, bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah Pada}}{\text{Total Jumlah Pada}} \times 100$$

**Tabél 3.2**

#### Kasalahan Makéna Guru Wilangan

No	Nomer Pupuh	Pada ka-	Padalisan ka-	Dina Naskah (FK)		Kuduna
				Leuwih	Kurang	
1	2	3	4	5	6	7



Katerangan : L = Luyu

FL= Frékuénsi Luyu

TL = Teu Luyu

FTL= Frékuénsi Teu Luyu

Pikeun nangtukeun jumlah perséntase kasalahan patalina pupuh jeung watek/karakteristik anu katitén dina tabél di luhur, bisa kapaluruh kalawan ngagunakeun rumus:

$$\% = \frac{\text{Jumlah FTL}}{\text{Jumlah Pada}} \times 100$$

**Tabél 3.6**

**Sasmita Pupuh dina Wawacan Sama'un**

No	Sasmita Pupuh	Pupuh Saterusna
1	2	3

### 3.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nya éta sakabéh téks anu ngarojong tur anu dijadikeun sumber utama dina panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, anu dijadikeun sumber data utama nya éta naskah *Wawacan Samaun*.

Naskah *Wawacan Samaun* ditulis ngagunakeun aksara Pégon. Basa anu digunakeunna nya éta basa Sunda jeung basa Indonesia, kandel naskahna 85 kaca, wangun karanganna mangrupa puisi wawacan. Pupuh nu digunakeunna nya éta

pupuh Asmarandana, Dangdanggula, Durma, Kinanti, Magatru, Mijil, Pangkur, Pucung, jeung Sinom.

### 3.4 Léngkah-léngkah Panalungtikan

#### a. Tahap Tatahar

- 1) Nangtukeun judul jeung objék panalungtikan;
- 2) Ngumpulkeun téori-téori anu aya hubunganna jeung objék panalungtikan;
- 3) Nyusun rarancang panalungtikan;
- 4) Ngalaksanakeun ulikan pustaka;
- 5) Konsultasi ka dosén pangaping.

#### b. Tahap Ngumpulkeun Data

Tahap ngumpulkeun data dilakukeun ku cara ngumpulkeun bahan-bahan anu aya patalina jeung panalungtikan.

#### c. Tahap Ngolah Data

- 1) Ngadéskripsikeun naskah *Wawacan Samaun*;
- 2) Nyusun transliterasi naskah *Wawacan samaun*;
- 3) Nganalisis naskah *Wawacan Samaun* dumasar dumasar kana struktur carita jeung pupuhna;
- 4) Nyusun hasil panalungtikan *Wawacan Samaun* pikeun bahan pangajaran di SMA, anu disaluyukeun kana SK-KD;
- 5) Konsultasi jeung dosén pangaping.

d. Tahap Nyusun Laporan

Sanggeus data réngsé dianalisis, tahap ahir dina ieu panalungtikan nya éta nyusun hiji laporan dina wangun skripsi.

### 3.5 Sistematika Nyusun Skripsi

Sistematika dina nyusun skripsi nya éta ieu di handap.

LEMBAR PNGESAHAN

LEMBAR PERNYATAAN

ABSTRAK

PANGJAJAP

DAPTAR EUSI

DAPTAR TABEL

DAPTAR SINGGETAN

DAPTAR LAMPIRAN

BAB I BUBUKA

BAB II WAWACAN, STRUKTUR CARITA, BAHAN  
PANGAJARAN

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

BAB IV DÉSKRIPSI, TRANSLITERASI, JEUNG ANALISIS  
STRUKTUR WAWACAN *SAMAUN* PIKEUN BAHAN PANGAJARAN  
DI SMA

BAB V PANUTUP

DAPTAR PUSTAKA

LAMPIRAN

RIWAYAT HIDUP